

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan Korélasi Antara Basa nu Digunakeun di Lingkungan Kulawaraga jeung Kamampuh Nyarita, aya tilu hal anu bisa dicindekeun diantarana nya éta 1) basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga, 2) kamampuh nyarita siswa SMP YPI Cikonéng, jeung 3) korélasi antarabasa nu digunakeun di lingkungan kulawarga jeung kamampuh nyarita.

##### 5.1.1. Basa nu Digunakeun di Lingkungan Kulawaraga

Basa nu digunakeun sapopoé di lingkungan kulawargana, nya éta basa nu digunakeun dina waktu kolotna keur ngatik budak nya éta 31 urang ngagunakeun basa Sunda (94%), saurang ngagunakeun basa Indonésia (6%), saurang ngagunakeun campuran Indonésia-Sunda (3%). Basa nu digunakeun dina situasi keur tuang nya éta 31 urang (94%) basa Sunda, saurang (3%) basa Indonésia, saurang nu ngagunakeun Indonésia-Sunda (3%).

Basa nu digunakeun dina situasi keur maréntah wincikana nya éta 31 urang (94%) ngagunakeun basa Sunda, ngagunakeun basa Indonésia-Sunda 2 urang (9%). Basa nu digunakeun dina situasi keur nyaram 32 urang (97%) ngagunakeun basa Sunda, saurang (3%) ngagunakeun Indonésia-Sunda.

Basa nu digunakeun dina situasi keur nyeuseulan nya éta 33 urang (100%) ngagunakeun basa Sunda. Basa nu digunakeun dina situasi keur istirahat, nu ngagunakeun basa Sunda 32 urang (97%), nu ngagunakeun basa indonésia-Sunda saurang (3%).

Basa nu digunakeun dina situasi keur ngadu'a, 7 urang (22%) ngagunakeun basa Arab, nu ngagunakeun Sunda-Arab 20 urang (60%), nu ngagunakeun basa Sunda 6 urang (18%). Basa nu digunakeun waktu keur ngimpi 31 urang (94%) ngagunakeun basa Sunda, saurang ngagunakeun (3%) ngagunakeun basa Indonésia, jeung saurang teu milih (3%).

Basa nu digunakeun di lingkungan masarakatna 33 urang (100%) ngagunakeun basa Sunda. Basa nu digunakeun waktu keur di padamelan wincikana, 21 urang (63%) ngagunakeun basa Sunda, 8 urang (25%) ngagunakeun basa Indonésia-Sunda, jeung 4 urang (12%) ngagunakeun Indonésia. Basa nu digunakeun dina waktu keur nelepon, 20 urang (61%) ngagunakeun basa Sunda, 10 urang (30%) ngagunakeun indonesia-Sunda, 2 urang (6%) ngagunakeun basa Indonesia, jeung saurang (3%) teu milih.

Basa nu digunakeun dina waktu ngasms, 16 urang (49%) ngagunakeun basa Sunda, 10 urang (30%) ngagunakeun basa Indonesia-Sunda, 2 urang (6%) ngagunakeun basa Indonesia, jeung saurang (3%) teu milih.

### 5.1.2 Kamampuh Nyarita

Tarap kamampuh nyarita siswa SMP YPI Cikonéng. Tina peunteun 10 (sampurna) nepi ka penteun 5 (hampir sedeng) anu meunang peunteun 10 (sampurna) aya 2 urang, anu meunang penteun 9 (hadé pisan) aya 2 urang, anu meunang peunteun 8 (hadé) aya 2 urang, anu meunang penteun 7 (cukup) aya 8 urang, anu meunang penteun 6 (sedeng) aya 16 urang, sedengkeun anu meunang penteun 5 (hampir sedeng) aya 2 urang.

Saupama diperséntasekeun tarap kamampuh nyarita wangun paguneman siswa SMP YPI Cikonéng nya éta katégori sampuran aya 2 urang (6%), katégori hadé pisan aya 3 (9%), katégori hadé aya 2 urang (6%), anu meunang katégori cukup aya 8 urang (24 %), anu meunang katégori sedeng aya 15 (45%), sedengkeun anu meunang katégori hampir sedeng aya 3 urang (9%).

Bisa dicidekeun yén kamampuh nyarita siswa SMP YPI Cikonéng kaasup kana katégori sedeng, nya éta 16 urang (48%).

### **5.1.3. Korélasi antara Basa nu Digunakeun di lingkungan Kulawarga jeung kamampuh Nyarita**

Korélasi antara kamampuh nyarita jeung kasang tukang atikan bapa nya éta  $C=0,08$ , korélasi antara kamampuh nyarita jeung kasang tukang atikan indung nya éta  $C=0,018$ , korélasi antara kamampuh nyarita jeung kasang tukang pakasaban bapa nya éta  $C=0,02$ , korélasi antara kamampuh nyarita jeung kasang tukang pakasaban indung nya éta  $C=0,03$ , korélasi antara kamampuh nyarita jeung kasang tukang asal daérah bapa nya éta  $C=0,003$ , korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga dina waktu ngatik jeung kamampuh nyarita nya éta  $C=0,005$ , korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga dina waktu keur tuang jeung kamampuh nyarita nya éta  $C=0,006$ , korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga dina waktu keur maréntah jeung kamampuh nyarita nya éta  $C=0,02$ , korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga nya éta dina hal ieu niléi  $C=0,003$ , korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga dina waktu keur ngadu'a jeung kamampuh nyarita nya éta  $C=0,18$ , korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan

kulawarga dina waktu keur ngimpi jeung kamampuh nyarita nya éta  $C=0,026$ , korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga dina waktu keur di padamelan, korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga dina waktu keur dina telepon jeung kamampuh nyarita nya éta  $C=0,07$ , korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga dina situasi keur ngasms jeung kamampuh nyarita nya éta  $C=0,17$ , korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga patalina jeung osok henteuna maca koran\majalah Sunda jeung kamampuh nyarita nya éta  $C=0,24$ , Korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga patalina jeung osok henteuna ngadangukeun siaran radio Sunda jeung kamampuh nyarita nya éta  $C=0,50$ . Korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga patalina jeung osok henteuna nongton siaran TV Sunda jeung kamampuh nyarita nya éta  $C=0,24$ .

## 5.2. Saran

Hasil tina panalungtikan ieu dipiharep aya deui nu nalungtik ngeunaan patalina basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga nu dilakukeun di kota-kota gedé, nu cenderung masarakatna hétérogen. Hal ieu pikeun ngukur kana kamampuh nyarita siswa sabada meunangkeun basa indung.

Panalungtikan saperti kieu nu karasa ku panalungtik gedé pisan mangpaatna, sabab urang bakal nyaho pangaruhna basa indung kana kamampuh nyarita.

